

AVI SILA A DEKRI KIJAN YO KA ITILIZE AK DEWALE ENFÒMASYON MEDIKAL KI KONSÈNE W AK KIJAN W KA AKSEDE ENFÒMASYON SA A. TANPRI, REVWA LI AVÈK ANPIL ANTANSYON.

KIMOUN KI DWE RESPEKTE KONDISYON KI NAN AVI SILA A

Avi sila a dekri pratik sou konfidansyalite enfòmasyon prive pou Health Care District of Palm Beach ("Distrik" la) ak:

Nenpòt pwofesyonèl swen sante ki mete enfòmasyon nan dosye w

Tout depatman nan Distrik la ak tout pwogram li patwone yo

Nenpòt volontè nou kite ede ou

Tout anplwaye, estaf ak zòt.

Depatman ak pwogram yo ka pataje enfòmasyon medikal ant yo menm pou tretman, peman, oswa pou rezon operasyon ki gen rapò avèk swen sante jan yo dekri l nan avi sila a. Depatman ak pwogram ki pataje enfòmasyon medikal pou peman oswa pou operasyon ki gen rapò avèk swen sante, pral pataje sèlman enfòmasyon medikal minim ki nesèsè pou yo fè peman ak fonksyon operasyon swen sante.

ANGAJMAN NOU KONSÈNAN ENFÒMASYON MEDIKAL

Nou byen konnen enfòmasyon medikal ki konsène w e ki konsène sante w se enfòmasyon pèsònèl. Nou pran angajman pou n kenbe enfòmasyon sa a konfidansyèl. Nou kreye yon dosye ki gen sèvis ak swen w resevwa nan Distrik la. Nou bezwen dosye sa a pou n montre w ke nou ba w bon swen e ke nou suiv sa lalwa mande. Avi sila a aplike pou tout dosye ki konsène swen w ak sèvis yo bay nan Distrik la.

Avi sila a pral ba w enfòmasyon sou fason nou ka itilize ak devwale enfòmasyon medikal sou ou. Epitou li dekri dwa w genyen yo ak sètèn obligasyon nou genyen konsènan fason nou itilize ak devwale enfòmasyon medikal.

Lalwa egzije nou pou nou:

Asire ke nou kenbe konfidansyèl enfòmasyon medikal ki idantifye w

Ba ou avi sou responsabilite legal nou ak sou pratik nou pou konfidansyalite enfòmasyon prive ki konsène enfòmasyon medikal sou ou

Suiv kondisyon ki nan avi ki efektif aktyèlman an.

KIJAN NOU KA ITILIZE AK DEWALE ENFÒMASYON MEDIKAL SOU OU

Kategori suivan yo dekri diferan fason nou itilize enfòmasyon medikal ak kijan nou devwale yo. Pou chak kategori sou itilizasyon oswa divilgasyon, nou esplike sa nou vle di epi nou ba w kèk egzanp. Nou pa liste tout ka kote nou itilize oswa devwale enfòmasyon an.sou lis la. Sepandan, tout jan ke nou gen pèmision pou n itilize ak devwale enfòmasyon yo, vin tonbe nan youn nan kategori yo.

Pou Tretman. Nou ka itilize enfòmasyon medikal sou ou pou n ba w tretman oswa sèvis medikal. Nou ka devwale enfòmasyon medikal sou ou bay doktè w, enfimyè, teknisyen, etidyan an medsin, oswa lòt moun k ap patisipe nan ba w swen. Paregzanp, si w ap suiv tretman pou ilsè nan janm epi yon doktè bezwen konnen si w dyabetik, nou ka devwale enfòmasyon sa a paske li enpòtan pou doktè a konnen sa lè l ap planifye swen w. Nou ka devwale enfòmasyon medikal ki konsène w bay moun ki ka ap patisipe nan swen medikal ou, tankou reprezantan w nan domèn swen sante, mandatè medikal o, manm fanmi w, oswa lòt moun ou te chwazi pou patisipe nan swen w.

Pou Peman. Nou ka itilize ak devwale enfòmasyon medikal ki konsène w pou yo sa faktire montan pou tretman ak sèvis ou resevwa yo epi pou yo ka touche peman an. Paregzanp, nou ka bezwen bay Medicaid enfòmasyon medikal pou Medicaid ranbouse depans pou sèvis yo. Epitou nou ka devwale enfòmasyon medikal pou n konnen si y ap kouvri yon tretman oswa pou konnen si yon lòt ajans pral peye pou sèvis yo.

Pou Operasyon ki gen rapò avèk Swen Sante. Nou ka itilize ak devwale enfòmasyon medikal ki konsène w pou operasyon ki gen rapò ak swen sante w. Nou fè itilizasyon ak divilgasyon sa yo pou n jere pwogram nou yo e pou n asire ke tout pasyan nou yo resevwa bon jan swen. Paregzanp, nou ka itilize enfòmasyon medikal ou pou n evalye tretman ak sèvis ou resevwa nan men youn nan pwofesyonèl swen sante patisipan nou yo.. Epitou nou ka konbine enfòmasyon medikal ki konsène plizyè pasyan pou n decide ki sèvis anplis nou ta dwe ofri, ki sèvis ki pa nesèsè, e ki nouvo tretman ki efikas. Epitou nou ka devwale enfòmasyon an bay doktè, enfimyè, teknisyen medikal, etidyan an medsin ak zòt pou yo kesyon revizyon ak aprantisaj. Epitou nou ka konbine enfòmasyon medikal nou genyen an avèk enfòmasyon medikal ki soti nan lòt plan oswa lòt etablisman pou konpare kijan n ap degaje nou, epi pou n konnen ki kote nou ka fè amelyorasyon nan swen ak nan sèvis nou ofri yo. Nou ka retire enfòmasyon ki idantifye w nan tout seri enfòmasyon medikal sa a pou pèmèt zòt itilize l pou etidye swen sante, ak administre swen sante san yo pa konnen kilès pasyan yo ye egzakteman.

Pou Fè Sonje Randevou . Nou ka itilize ak devwale enfòmasyon medikal pou n kontakte w pou n fè w sonje ou gen yon randevou pou tretman oswa pou swen medikal.

Lòt Opsyon Tretman. Nou ka itilize ak devwale enfòmasyon medikal pou n di w oswa sijere w diferan fason nou ka trete w.

Avantaj ak Sèvis ki gen Rapò ak Sante. Nou ka itilize ak devwale enfòmasyon medikal pou n pale w de avantaj oswa sèvis ki gen rapò ak tretman w ki ka enterese w.

Asosye Biznis. Nou ka devwale Enfòmasyon sou Sante ki Pwoteje bay asosye biznis nou yo ki te egzekite fonksyon onon nou oswa ki te bay yon sèvis nan Distri a. Paregzanp, nou ka itilize yon konpayi pou faktirasyon, pou transkripsyon, oswa pou konsiltasyon ki ka mande pou l gen aksè a Enfòmasyon sou Sante ki Pwoteje defason pou li sa bay sèvis li. Tout asosye biznis nou yo gen obligasyon, selon lalwa federal ak lalwa leta e selon antant ki fèt sou papye, pou pwoteje konfidansyalite ak sekirite Enfòmasyon sou Sante w ki Pwoteje.

Anyè Etablisman. Si w se yon rezidan Edward J. Healey Rehabilitation and Nursing Center ("Sant" la) oswa yon pasyan nan Lakeside Medical Center ("Lopital" la), nou ka enkli kèk enfòmasyon limite ki konsène w nan anyè etablisman an. Enfòmasyon sa a ka gen ladann non w, kote w ye nan Sant la oswa nan Lopital la, kondisyon jeneral ou (egzanp, kondisyon modere, kondisyon estab, elatriye) ak afilyasyon relijye ou (ki vle di, ki relijyon w). Yo ka bay moun ki mande pou ou pa non w enfòmasyon ki nan anyè a, eksepte pou afilyasyon relijye w. Yo bay enfòmasyon sa a pou pèmèt fanmi w, zanmi w ak manm klèje a vin wè w nan Sant la oswa nan Lopital la, pou yo ka konnen kijan w ye anjeneral. Yo ka fè yon manm klèje a, sètadi yon pè oswa yon raben, konnen ki afilyasyon relijye w, menm si yo pa mande pou ou pa non w. Ou ka mande nou pou n pa bay enfòmasyon sa a, annik di yon manm estaf la sa nenpòt lè apre yo fin admèt ou nan Sant la oswa nan Lopital la.

Moun ki Enplike nan Swen Ou oswa Peman pou Swen Ou. Si ou ba nou konsantman w, nou ka bay yon zanmi w oswa yon manm fanmi w ki dirèkteman angaje nan swen medikal ou, enfòmasyon medikal ki konsène w. Epitou nou ka di fanmi w oswa zanmi w ki kondisyon w, si w se yon rezidan nan Sant la oswa nan Lopital la. Anplis, nou ka revele enfòmasyon medikal ki konsène w bay yon òganizasyon ki konn ede lè gen dezafason pou yo avize fanmi w sou kondisyon w, estati w ak kote w ye.

Rechèch. Nan sèten sikonstans, nou ka itilize ak devwale enfòmasyon medikal ki konsène w pou fè rechèch. Paregzanp, yon pwojè rechèch ka mande pou konpare rezilta tout pasyan ki te resevwa yon tip medikaman ak sa ki te resevwa yon lòt kalite medikaman pou menm pwoblèm nan. Tout pwojè rechèch yo fèt pou pase pa yon pwosedi otorizasyon espesyal. Pwosedi sa a balanse bezwen rechèch la avèk nesite ou genyen pou mentni konfidansyalite enfòmasyon prive w. Yo fèt pou apwouve pwojè a atravè pwosede otorizasyon rechèch sa a anvan nou itilize oswa devwale enfòmasyon medikal pou rechèch la. Sepandan, nou ka devwale enfòmasyon medikal ki konsène w bay moun k ap prepare pou yo fè pwojè rechèch. Paregzanp, nou ka devwale enfòmasyon medikal bay òganizasyon k ap chèche pasyan ki gen bezwen medikal espesifik, pouvike enfòmasyon medikal la pa soti nan Distri a. Se prèske tout tan ke n ap mande w pèmision espesifik si moun k ap fè rechèch yo pral gen aksè a non w, adrès ou, oswa lòt enfòmasyon ki revele kimoun ou ye.

Jan Lalwa Mandè l. N ap devwale enfòmasyon medikal ki konsène w lè lalwa federal, lalwa leta ak lalwa lokal mande sa.

Pou Anpeche Menas Grav kont Sante oswa Sekirite. Nou ka itilize ak devwale enfòmasyon medikal ki konsène w lè sa nesese pou anpeche yon menas grav a sante ak sekirite w, oswa sante ak sekirite piblik la oswa yon lòt moun. Sepandan yon tèl divilgasyon ap fèt sèlman bay yon moun ki ka ede anpeche menas la.

SITIYASYON ESPESYAL

Don Ògàn, Zye ak Tisi. Si w se yon donè ògàn, nou ka revele enfòmasyon medikal bay òganizasyon ki bezwen yo defason pou ou ka fè don w lan.

Asirans ki Dedomaje Travayè. Nou ka revele enfòmasyon medikal ki konsène w pou pwogram asirans ki dedomaje travayè oswa pou jan de pwogram sa yo. Pwogram sa yo bay moun ki domaje nan travay oswa ki maladavantaj.

Risk Sante Piblik. Nou ka revele enfòmasyon medikal ki konsène w pou aktivite sante piblik. Anjeneral, aktivite sa yo enplike bagay suivan yo:

Anpeche oswa kontwole maladi, domaj oswa andikap

Rapòte nesans ak mòtalite

Rapòte abi timoun oswa neglijan

Rapòte pwoblèm ki genyen avèk medikaman oswa lòt pwodui medikal

Avize moun lè yo retire sou mache a, pwodui yo ka ap itilize

Avize yon moun ki ta ka vin ekspoze a yon maladi oswa ki ka gen risk trape oswa pwopaje yon maladi oswa yon kondisyon

Avize otorite gouvènmanal konsène a si nou panse yon pasyan te sibi abi, neglijan oswa vyolans domestik. Nou pral fè divilgasyon sa a si w dakò oswa lè lalwa oblije nou oswa otorize nou.

Aktivite Sipèvizyon Lasante. Nou ka revele enfòmasyon medikal bay yon ajans ki sipèvize lasante pou mennen aktivite lalwa pèmèt. Pami aktivite sa yo genyen, paregzanp, odit, envestigasyon, enspeksyon ak obtansyon lisans/pèmi. Aktivite sa yo nesese pou gouvènman an ka suiv sistèm swen sante a, pwogram gouvènman ak pou konnen si yo suiv lalwa sou dwa sivil.

Dispit ak Aksyon Legal. Si w enplike nan yon aksyon legal oswa nan yon dispit, nou ka revele enfòmasyon medikal ki konsène w pou n reponn a yon lòd tribinal oswa lòd administratif. Epitou nou ka revele enfòmasyon medikal ki konsène w pou n reponn a yon asiyasyon, pou rekèt sou enfòmasyon legal, oswa pou lòt pwosede legal ke yon lòt moun ki enplike nan dispit la fè, sèlman si yo te fè efò pou yo te pale w de rekèt la oswa pou yo pran yon lòd pou kenbe enfòmasyon an konfidansyèl.

Otorite ki Ranfòse Lalwa. Nou ka revele enfòmasyon medikal si yon reprezantan ki responsab pou ranfòse lalwa mande n fè sa:

Pou n reponn a yon lòd tribinal, yon asiyasyon, manda, konvokasyon oswa pwosede sanblab

Pou idantifye oswa lokalize yon sispè, fijitif, temwen enpòtan oswa yon moun ki disparèt

Konsènan yon moun ki viktim yon krim si, nan sèten sikonstans, nou pa ka jwenn moun sa a pou n gen otorizasyon l

Konsènan yon mòtalite ke nou kwè ki rive poutèt yon konduit kriminèl

Konsènan konduit kriminèl nan etablisman an

Nan ka dijans pou n rapòte yon krim; kote krim lan fèt oswa kote viktim nan ye oswa idantite, deskripsyon oswa kote moun ki komèt krim nan ye.

Medsen Lejis, Egzaminatè Medikal ak Direktè Palwa Finèb. Nou ka revele enfòmasyon medikal bay medsen lejis oswa egzaminatè medikal. Sa ka nesèsè, paregzanp, pou idantifye yon moun ki mouri oswa pou detèmine kòz lanmò a. Epitou nou ka revele enfòmasyon medikal ki konsène pasyan Distrik la bay direktè ponp finèb si li nesèsè pou yo ranpli fonksyon yo.

Aktivite pou Sekirite Nasyonal ak Ransèyman Sekrè. Nou ka revele enfòmasyon medikal ki konsène w bay otorite federal otorize pou aktivite ransèyman sekre, aktivite anti-espionaj, ak lòt aktivite pou sekirite nasyonal ke lalwa pèmèt.

Sèvis Pwoteksyon pou Prezidan an ak Zòt. Nou ka revele enfòmasyon medikal ki konsène w bay otorite federal yo pou yo ka pwoteje Prezidan an, lòt moun, chèf deta lòt peyi, oswa pou yo fè investigasyon espesyal.

Prizonye. Si w se yon prizonye nan yon etablisman koreksyon oswa si yon otorite ki responsab pou ranfòse lalwa arete w, nou ka revele enfòmasyon medikal ki konsène w bay etablisman koreksyon an oswa bay otorite ki responsab pou ranfòse lalwa a. Divilgasyon sa a ka nesèsè (1) pou enstitisyon an ba w swen medikal; (2) pou pwoteje sante w ak sekirite w oswa sante ak sekirite zòt; oswa (3) pou sekirite ak pwoteksyon enstitisyon koreksyon an.

Enfòmasyon sou Abi Alkòl, Abi Dwòg ak Tretman Sikyatrik. Enfòmasyon sa a ka gen pwoteksyon espesyal pou konfidansyalite enfòmasyon prive. Nou pap revele okenn enfòmasyon ki ka idantifye youn moun antanke yon pasyan ni nou pap bay okenn enfòmasyon medikal ki konsène abi sibstans oswa tretman sikyatrik pasyan an, amwenske: (1) pasyan an, oswa reprezantan legal li, bay konsantman li sou pape; (2) yon lòd tribinal egzije n soumèt enfòmasyon an; (3) pèsònèl medikal la bezwen enfòmasyon an nan yon ka dijans medikal; (4) pèsònèl kalifye a itilize enfòmasyon an pou yo fè rechèch syantifik, odit administratif, odit finansye oswa evalye pwogram; (5) li nesèsè pou rapòte yon krim oswa yon menase pou komèt yon krim; oswa (6) oswa si yo sispèk abi oswa neglijan, jan lalwa mande l.

Foto. Nou ka itilize foto oswa lòt mwayen anrejistreman imaj pou n pran foto ak imaj pou pèmèt estaf k ap travay la idantifye pasyan an pi byen, pou rezon sekirite e pou pwosedi ki gen rapò avèk faktirasyon.

Piblisite oswa Lavant Enfòmasyon sou Sante ki Pwoteje. Si nou pa gen otorizasyon w, nou pap itilize ni revele pou rezon piblisite enfòmasyon sante w ki pwoteje paske sa reprezante yon lavant enfòmasyon sante ki pwoteje, ki entèdi. Si gen yon lòt moun k ap peye nou pou n mete w okouran de yon nouvo pwodui swen sante oswa yon nouvo sèvis, n ap di w sa. Si gen yon kominikasyon ki fèt fasafas ant oumenm ak pèsònèl Distrik la konsènan yon pwodui swen sante oswa yon sèvis, yo pa konsidere sa kòm yon piblisite.

Aktivite pou fè Kòlèk Lajan. Nou ka kontakte w pou sipòte Distrik la nan misyon l ki se bay rezidan Konte Palm Beach yo bon kalite swen sante. Se dwa w pou fè konnen ou pa vle resevwa enfòmasyon sou kòlèk lajan epi w ap gen opòtinite pou fè konnen ou pa vle yo kontakte w pou kòlèk lajan chak fwa yo voye mande w sa.

DWA OU GENYEN KONSÈNAN ENFÒMASYON MEDIKAL KI KONSÈNÈ W

Men lis dwa ou genyen konsènan enfòmasyon medikal nou kenbe sou ou.

Dwa pou Enspekte ak Kopye Enfòmasyon an. Se dwa w pou gade enfòmasyon medikal la e pou w fè fotokopi ke yo ka itilize pou pran desizyon sou swen sante w. Anjeneral, sa gen ladann dosye medikal ak dosye faktirasyon, men nòt sikoterapi yo pa ladann. Sizoka Distrik la, oswa kounyeya oswa alavni, kenbe enfòmasyon medikal ou nan yon dosye sante elektwonik, se dwa w pou resevwa yon kopi enfòmasyon w lan sou fòm elektwonik. Anplis, se dwa w pou mande pou Distrik la transmèt enfòmasyon ki nan yon dosye sante elektwonik pou yo ba w li elektwonikman.

Ou fèt pou soumèt demann ou pou ka gade ak kopye enfòmasyon medikal ou, alekri. Remèt demann nan bay Medical Records Department (Depatman Achiv Medikal). Si w mande pou yo ba w yon kopi enfòmasyon an, nou ka mande w peye yon frè pou depans kopi yo, depans lapòs oswa lòt depans ki nesèsè pou demann ou an. Si w mande pou yo ba w yon kopi dosye sou fòm elektwonik, yo ka fè w peye yon frè, sepandan frè

sa a pap depase depans mendèv Distrik la ni li pap depase montan lalwa Florida otorize a. Si w chwazi pou resevwa yon kopi enfòmasyon w sou fòm elektwonik, ou fèt pou make klèman enstriksyon w yo pou transmisyon an. Nan pifò ka yo, n ap travay sou demann ou an nan trant (30) jou.

Nou ka refize demann ou fè a pou enspekte ak fè kopi, men sa se nan sèten ka ki trè limite. Paregzanp, lè enfòmasyon an gen nòt sikoterapi ladann. Si yo pa kite w gade enfòmasyon medikal ou, ou ka mande pou yo rekonsidere refi sa a. Nou pral revize demann ou an jan lalwa mande l, epi lè sikonstans limite sa yo aplikab, nou pap kite w gade enfòmasyon an.

Dwa pou fè Chanjman. Si w panse ke enfòmasyon medikal nou gen sou ou an pa kòrèk, oswa li pa konplè, ou ka mande n chanje enfòmasyon an. Se dwa w pou mande pou n fè yon chanjman puvike Distrik la kenbe enfòmasyon an oswa nou kenbe enfòmasyon an pou Distrik la. Si w vle mande pou yo fè yon chanjman nan enfòmasyon w, se pou ekri yon lèt epi remèt li bay Ofisye ki Responsab Konfidansyalite Enfòmasyon Prive a. Anplisdesa, ou fèt pou bay rezon ki sipòte demann ou an.

Nou ka refize fè chanjman ou mande nou fè nan enfòmasyon w lan si w pa voye yon lèt oswa si lèt la pa bay rezon pou sipòte demann ou an. Anplisdesa, nou ka refize demann ou fè a si w mande nou chanje enfòmasyon:

Nou pat kreye nou menm, amwenske moun oswa òganizasyon ki te kreye enfòmasyon an pa disponib ankò pou fè chanjman an

Ki pa fè pati enfòmasyon medikal ki pou Distrik la oswa ke Distrik la kenbe

Ki pa fè pati de enfòmasyon ke w ta gen pèmision pou enspekte oswa kopye; oubyen

Ki kòrèk e konplè.

Dwa pou gen yon Rapò Detaye sou Divilgasyon yo. Ou gen dwa pou mande pou yo ba w yon "rapò detaye sou divilgasyon yo." Sa a se lis divilgasyon nou fède enfòmasyon medikal ki konsène w. Lis sa a pap revele divilgasyon suivan yo:

Divilgasyon pou tretman, peman oswa pou operasyon ki gen rapò avèk swen sante (esepte divilgasyon C.L. Brumback Primary Care Clinics te fè)

Divilgasyon nou fè ba ou'

Divilgasyon ou deja otorize

Diviltasyon pou anyè etablisman nou an

Divilgasyon bay moun ki te patisipe nan ka w la, tankou fanmi ak zanmi.

Ou fèt pou soumèt demann ou pou lis divilgasyon sa a sou papye. Remèt li bay Ofisye ki Responsab Konfidansyalite Enfòmasyon Prive a. Nan demann w ap fè a, ou fèt pou mete peryòd tan ki pa dwe depase sizan. Demann ou an fèt pou endike sou ki fòm ou vle lis la (paregzanp, si se sou papye oswa sou fòm elektwonik). Premye lis ou mande sou yon peryòd 12 mwa pral gratis. Pou ka gen lis anplis, nou ka fè w peye pri li koute pou nou ba w lis la. N ap fè w konnen konbyen sa pral koute epi alèkile ou ka deside anile oswa modifye demann ou an anvan nou fè kèk depans.

Dwa pou Mande Restriksyon. Se dwa w pou w mande pou nou limite enfòmasyon medikal nou itilize oswa revele sou ou pou tretman, peman oswa pou jere swen sante. Epitou se dwa w pou w mande pou mete yon limit sou enfòmasyon medikal nou revele sou ou bay yon moun ki patisipe nan swen w oswa ki peye pou swen w, tankou yon manm fanmi oswa yon zanmi. Paregzanp, ou ka mande pou nou pa itilize oswa revele enfòmasyon sou operasyon ou te fè.

Leplisouvan, nou pa oblije dakò avèk demann ou an. Si nou dakò, n ap respekte demann ou an, amwenske yo bezwen enfòmasyon an pou yo ba w tretman annijans. Sepandan, ou gen dwa pou w mande, e Distrik la ap dakò avèk demann ou an, pou limite divilgasyon sèten enfòmasyon bay yon plan asirans sante pou peman oswa pou jere swen sante. Si w resevwa sèvis swen sante nan Distrik la epi w deside peye pou tout sa w dwe pou sèvis la, ou menm, lè w resevwa sèvis la, nou oblije respekte demann ou fè pou nou pa bay enfòmasyon sou swen w resevwa bay yon plan sante pou peman oswa pou jesyon.

Ou fèt pou soumèt demann restriksyon w lan sou papye bay Ofisye ki Responsab Konfidansyalite Enfòmasyon Prive a. Nan demann ou an, ou fèt pou di nou (1) ki enfòmasyon ou vle limite; (2) si w vle limite fason nou itilize, revele enfòmasyon an oswa si pou n fè toulede; epi (3) pou kimoun ou vle nou mete limit sa yo, paregzanp divilgasyon bay madanm oswa mari w.

Dwa Pou Chwazi Yon Moun Ki Pou Aji Pou Ou. Si w te bay yon moun manda medikal oswa si w gen yon responsab legal, moun sa a ka egzèse dwa ou genyen yo epi li ka fè chwa konsènan enfòmasyon sou sante w. Nou pral asire nou ke moun sa a gen otorite pou l aji an favè w anvan nou pran nenpòt aksyon.

Dwa Pou Mande Kominikasyon Konfidansyèl. Se dwa w pou w mande pou n kominike avèk ou konsènan zafè medikal nan yon sèten fason oswa nan yon sèten kote. Paregzanp, ou ka mande pou n kontakte w sèlman lè ou nan travay oswa pa lapòs. Ou fèt pou soumèt demann pou kominikasyon konfidansyèl ou sou papye bay Ofisye ki Responsab Konfidansyalite Enfòmasyon Prive a. Nou pap mande w pouki rezon w fè demann ou an. Nou pral suiv tout demann, depi yo rezonab. Nan demann ou an, ou fèt pou di nou kijan oswa ki kote ou ta renmen yo kontakte w.

Dwa pou yo Avize w si gen yon Vyolasyon ki fèt nan Enfòmasyon Medikal ki Pa Sekirize w la. Se dwa w pou nou fè w konnen si gen yon vyolasyon ki fèt nan enfòmasyon medikal ki pa sekirize w la ke Distrik la oswa ke kontraktè Distrik la otorize kenbe.

Sizoka ta gen yon vyolasyon ki fèt nan enfòmasyon medikal ki pa sekirize w la, Distrik la pral voye yon lèt pa lapòs premye klas ba ou nan dènye adrès nou gen pou ou an, si w vle, pa kourye elektwonik. Si Distrik la pagen enfòmasyon egzak oswa okonplè, nou ka eseye kontakte w nan yon lòt fason. Paregzanp, nou ka afiche yon avi sou sit entènèt nou an, oswa, toudepann de sikonstans yo, nou ka alète medya lokal yo. Kèlkeswa sityasyon an, nou pap pibliye non w ni enfòmasyon medikal ou.

Nou pral ba w enfòmasyon ki esplike w kisa w ka fè pou pwoteje tèt ou pou pa gen okenn pwoblèm poutèt vyolasyon an, epitou n ap ba w enfòmasyon pou pran kontak pou poze kesyon e pou ka gen enfòmasyon anplis.

Nou pral avize w si gen yon vyolasyon kèlkonk ki fèt nan enfòmasyon medikal ki pa sekirize w la, leplito ke posib, epi n ap konfòme nou a lwa leta e a lwa federal ki aplikab yo. Sepandan, nou ka pa mete avi a tousuit pou rezon aplikasyon lalwa. Paregzanp, si yon reprezantan ki responsab pou ranfòse lalwa fè konnen ke avi a ka entèfere nan yon envestigasyon kriminel oswa ke li ka mete sekirite nasyonal la andanje, nou pral respekte demann otorite yo.

Dwa pou gen yon Kopi Avi sa a sou Papye. Se dwa w pou w resevwa yon kopi avi sa a sou papye. Ou ka mande nou pou n ba w yon kopi avi sa a nenpòt lè. Menm si w dakò pou resevwa avi sa a elektwonikman, ou ka toujou resevwa yon kopi avi sa a sou papye.

Ou ka jwenn yon kopi avi sa a nan sit entènèt nou an, www.hcdpbc.org. Pou ka gen yon kopi avi sa a sou papye, kontakte Ofisye ki Responsab Konfidansyalite Enfòmasyon Enfòmasyon Prive a nan 561-659-1270.

Dwa pou Patisipe nan Echanj Enfòmasyon sou Sante. Distrik la ka deside pataje enfòmasyon medikal elektwonikman avèk lòt pwofesyonèl swen sante atravè echanj enfòmasyon sante leta oswa rejyonal. Pataj enfòmasyon sa a, ap fèt nan mezi lalwa otorize l, e li enkli pataj enfòmasyon ki konsène tretman w, byenke ka gen lòt jande pataj ki fèt tou. Ou pap oblije pataje enfòmasyon w atravè yon pwogram echanj enfòmasyon sou lasante epi w ka refize siyen nenpòt otorizasyon ki pèmèt pataj sa a. Nan ka sa a, pataj enfòmasyon w lan ap fèt sèlman nan mezi lalwa otorize l. Paregzanp, Florida egzije pou yo rapòte sèten maladi pou rezon sante piblik epi Distrik la ka chwazi pou l transmèt enfòmasyon sa a atravè yon echanj enfòmasyon sante ki apwopriye.

CHANJMAN NAN AVI SA A

Nou rezève dwa pou n chanje avi sa a. Nou rezève dwa pou n fè avi revize oswa amande a efektif pou enfòmasyon medikal ke nou deja genyen sou ou, ansanm avèk tou nenpòt enfòmasyon nou resevwa alavni. Nou pral afiche

yon kopi avi sa a nan chak etablisman Distrik nou an. Anplis, achak fwa w vini pou sèvis, w ap gen opòtinite pou resevwa vèsyon dènye kopi avi ki efektif la.

PLENT

Si w panse yo vyole dwa konfidansyalite enfòmasyon prive w la, ou ka soumèt yon plent bay Distrik la oswa bay Sekretè Depatman Sante ak Sèvis Imen Etazini, Biwo Dwa Sivil. Annik voye yon lèt nan adrès 200 Independence Avenue, S.W., Washington, D.C. 20201, oubyen rele nan 1-877-696-6775, oswa ale nan www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/complaints/ oswa voye yon imèl bay OCRComplaint@hhs.gov.

Si w ap voye yon plent bay Distrik la, ou fèt pou voye l sou papye nan:

Health Care District of Palm Beach County
Attn: HIPAA Privacy Officer
1515 N. Flagler Drive Suite 101
West Palm Beach, FL 33401
Email: privacy@hcdpbc.org
TTY # 1-800-955-8771

Yo pap penalize w poutèt ou soumèt yon plent.

LÒT FASON YO KA ITILIZE ENFÒMASYON MEDIKAL

Si nou gen pou n itilize ak divilge enfòmasyon medikal ou pou kèk lòt rezon ki pa make nan avi sila a oswa ki pa kouvri anba lalwa ki aplikab pou nou yo, se pou nou genyen pèmisyon w alekri anvan nou itilize oubyen devwale enfòmasyon sou medikal ou. Si w ba nou pèmisyon pou n itilize oswa revele enfòmasyon medikal ki konsène w, ou ka anile pèmisyon sa a, alekri nenpòt ki lè. Si w anile pèmisyon w lan, nou pap kontinye itilize ni revele enfòmasyon medikal ki konsène w poutèt rezon ou mansyone nan otorizasyon alekri w la. Ou konnen ke yon fwa nou fin revele enfòmasyon w baze sou pèmisyon ou te bay la, nou pa ka reprann enfòmasyon sa a, e nou oblije kenbe dosye nou yo ki gen swen nou te ba ou.

Si w gen kesyon konsènan avis sa a, tanpri kontakte Ofisye ki Responsab Konfidansyalite Enfòmasyon Prive nan Distrik Swen Sante a (Health Care District's Privacy Officer) nan 561-659-1270.

Efektif: Revize nan dat 14 avril 2003; 19 dawout 2013, 1ye jen 2016; 10 Me 2017

Avi Enpòtan

Health Care District konfòme l ak lwa Federal sou dwa sivil epi li pa diskrimine baze sou ras, koulè, nasyonalite, laj, andikap, oswa sèks. Health Care District pa ekskli moun oubyen trete yo diferaman akòz ras, koulè, nasyonalite, laj, andikap, oswa sèks.

Health Care District bay moun ki gen andikap asistans ak sèvis gratis pou yo ka kominike pi byen avèk nou, tankou:

Entèprèt ki kalifye nan lang siy

Enfòmasyon alekri nan lòt fòm (gwo karaktè, odyo, fòm elektwonik aksesib, lòt fòm)

Health Care District bay moun ki pa pale angle kòm lang matènèl yo sèvis nan lang gratis, tankou:

- Entèprèt ki kalifye
- Enfòmasyon ki ekri nan lòt lang

Si w bezwen sèvis sa yo, kontakte Compliance Department nan (561) 284-0184.

Si w panse ke Health Care District pa ba w sèvis sa yo oubyen li diskrimine yon lòt fason baze sou ras, koulè, nasyonalite, laj, andikap, oswa sèks, ou kapab soumèt yon plent bay:

Compliance Department
Health Care District of Palm Beach County
1515 N. Flagler Drive Suite 101
West Palm Beach, FL 33401
Telefòn: (561) 804-5524
Imèl: nondiscrimination@hcdpbc.org

Ou kapab soumèt yon plent anpèsòn, pa lapòs, pa faks, oubyen imèl. Si w bezwen èd pou w soumèt yon plent, Leticia Stinson disponib pou ede w. Ou kapab soumèt yon plent poutèt diskriminasyon tou nan U.S. Department of Health and Human Services Office for Civil Rights (Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Biwo pou Dwa Sivil), sou entènèt atravè Pòtay pou Plent nan Biwo pou Dwa Sivil yo, ki disponib nan <https://ocrportal.hhs.gov/ocr/portal/lobby.jsf>, oubyen pa lapòs oubyen nan telefòn nan:

U.S. Department of Health and Human Services
200 Independence Avenue SW, Room 509F
HHH Building, Washington D.C. 20201
Telefòn: (800)368-1019, (800)537-7697
1-800-537-7697 (TDD)

Fòmilè plent yo disponib nan:

<http://www.hhs.gov/ocr/office/file/index.html>

Revised: February 2018